# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# रूपवती रानी एस्तेर

लेखक: Edward Hughes
ब्याख्याकर: Janie Forest
अनुकूलित: Ruth Klassen
Alastair Paterson
अनुवादक: सुरेश मसीह
उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

बहुत समय पहिले एगो सुन्दर रानी रहली। उनकर नाम एस्तेर रहल। जब उनकरी माता -पिता क देहांत हो गइल; तब उनकर चचेरा भाई मोर्दकै उनके अपनी घरे ले अइलन। एस्तेर एगो बढ़ियाँ बेटी की तरह आज्ञां मानके अपनी चचेरे भाई क आदर करत रहली।





एस्तेर फारस में रहत रहली लेकिन उ फारसी ना रहली। उ यहूदी रहली। उनकर पूर्वज युद्ध की दौरान कैदी बनाके इहाँ लीयावल गइल रहलें। एस्तेर की समय काल में, इहाँ बहुत सब यहूदी रहल करत रहलें।



एस्तेर फारस में रहत रहली लेकिन उ फारसी ना रहली। उ यहूदी रहली। उनकर पूर्वज युद्ध की दौरान कैदी बनाके इहाँ लीयावल गइल रहलें। एस्तेर की समय काल में, इहाँ बहुत सब यहूदी रहल करत रहलें।

ई देखावे खातिर कि औरत लोग अपनी पति क आदर करें, राजा एगो नियम निकललें, एही नियम की चलते रानी क राजमुकुट ले लिहल गइल। अब उ रानी ना रहली।



एगो नाया रानी की तालाश क ऐलान कइल गइल। उनकरी राज्य में बहुत सुन्दर लड़की लोग रहेली। उन्हन में से राजा, एस्तेर के आपन पत्नी बनावे खातिर चुनलन। राजमुकुट, रानी के पहिनवलन। एस्तेर राजा के ई बात ना बतवली की उ यहूदी हइ; काँहे से कि उनकर चचेरा भाई मोर्दकै अइसन बतवला से माना कइले रहलन।



चचेरा भाई मोर्दकै राजमहल की प्रवेश फाटक पर समय बितावत रहलन। ताकि उनके एस्तेर क समाचार मिलत रहे।



एक दिन दूगो राजसेवक राजा के जान से मरला क बात करत रहलें। ए बात के मोर्दकै सुन लिहलन। मोर्दकै ए बात के राजा की पास पंहुचा दिहलन। जेवनी चलते राजा बच गइलन। सेवकन के फांसी पर लटका दिहल गइल अउर मोर्दकै क नाम राजा की इतिहास की पुस्तक में लिख दिहल गइल।

राजा एगो हामान नामक व्यक्ति क पद ऊँचा कइलन जे धनवान भी रहल। जब हामान रास्ता से गुजरत रहलन, तब सब लोग उनके दण्डवत कइल करत रहलें; सिर्फ एगो व्यक्ति की अलावा जे यहूदी रहलन। उ सिर्फ अपनी जीवित परमेश्वर क आराधना करत रहलन।



हामान मोर्दकै से बहुत नफरत करत रहलन। उ उनके अउर फारस की सब यहूदियन के जान से मरला क फैसला कइलन। दुष्ट हामान बहुत चालाकी से राजा से एगो नाया अध्यादेश निकालवाके आदेश पत्र पर दस्तखत ले लिहल। जेवना मे ओ राज्य की सब यहूदी लोगन के मार डलला क चर्चा कईल गइल रहे।





ई बहुत ही सख्त आदेश रहल। यहूदी अउर फारसी ए आदेश से बहुत शोकित भइलें। लेकिन याद रहे की परमेश्वर एस्तेर के रानी बनवलें। उ एगो यहूदी रहली। तअ का उ ए रहस्य के राजा से छुपा के रखिहन? या अपनी जान के खतरा में डाल के अपनी लोगन के बचवला क प्रयास करिहन?

परमेश्वर एस्तेर के एगो चतुराई भरल तरीका दिहलन। उ राजा अउर हामान के एगो भोज पमें अइला क नेवता दिहली। एक बार राजा रानी से वायदा कइले रहलन कि जेवन उ मांगिहन उ सब पूरा कइल जायी। राजा अउर हामान, हमरी द्‍वारा तैयार की भोज मेँ आवें ... ओही घड़ी उ राजा से मांगिहन कि उ का चाहत बाड़ी।



ओहि वक्त हामान एगो बहुत ऊँच फांसी क खम्भा मोर्दकै की खातिर तैयार कइलन।





ओ रात राजा सूत ना पवलन। राजा अदालत की रखल पुस्तकन के पढ़त रहलन। जहाँ ई लिखल पढ़लें की मोर्दकै के कभी भी उनकरी जान बचवला क प्रतिफल ना दिहल गइल रहे। अगली सुबह राजा हामान से पूछलन, यदि कवनो मनुष्य के राजा प्रतिष्ठा देबल चाहे; तअ ओकरी खातिर राजा के का

कईल उचित होई? हामान ई सोचलन की हमरी अलावा अउर के हो सके ला।

हामान मोर्दकै के फांसी पर लटकावे खातिर राजा से अनुमति लिहला खातिर आइल रहलन। खम्भा तैयार रहल। लेकिन अभी इंतज़ार करत रहलन। ए विचार के ध्यान में रखला की साथ राजा की सामने रखलन की उन के राजा की तरह वस्त्र अउर मुकुट पहिनावल जाँव।





राजा की घोड़ा पर बैठाके नगर की चौराहा में उनके घुमावल जॉव ताकि सब लोग देखें। मोर्दकै की साथ इहे कइल जॉव, राजा हामान के ई आदेश दिहलन।

आप का सोचत बानी कि, जब उ मोर्दकै के नगर में लेके जात रहल होइहन तब हामान के कइसन लागत रहल होई। अब उ मोर्दकै से पहिले से भी ज्यादा नफ़रत करे लगलन; हामान ई सोचत रहल होईहन "थोड़ा इंतजार करअ"। "कुछ ही समय की बाद तू बाकी दुसरी यहूदी लोगन की संगे जान से मारल जइबअ।"



ओहि दिने हामान अउर राजा, रानी एस्तेर की भोज में अइलें। राजा पूछलन, रानी तोहार निवेदन का हअ; बतावअ, उ अपनी वायदा के भुलाइल ना रहलन। रानी एस्तेर हामान की तरफ इशारा कर के उनकरी सब दुष्ट चाल के राजा से बता दीहली "राजा कहलें उनके फांसी पर लटका दीहल जॉव।"



तब राजा एगो अउर दूसर आदेश निकललें ताकि यहूदी अपनी प्राण के बचावें अउर उ सब लोग बच गइले। मोर्दकै के पद ऊंचा कइल गइल। सब यहूदी लोग आनंद अउर खुश भइलें। एक दूसरा के उपहार देबे लगलें। आज भी यहूदी लोग ए बात के याद करे लें कि कैसे परमेश्वर उन सबके रानी एस्तेर के द्धारा बचवलें।



# रूपवती रानी एस्तेर

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

एस्तेर

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16